

Yon Gid Paran Pou Sèvis Pwoteksyon nan Vil New York

Kontakte Biwo Defans ACS

- Si pwoblèm ou oswa enkyetid ou pa rezoud apre ou pale avèk CPS ou oswa avèk Sipèvizè yo, tanpri kontakte Liy Èd Inite Dwa Paran ak Timoun Biwo Defans ACS nan nimewo (212) 676-9421, oswa rankontre avèk nou ant 10 AM ak 5 PM nan adrès 150 William Street, First floor, New York, NY 10038. Ekip Biwo Defans ap travay avèk ou, CPS, ak Sipèvizè yo pou rezoud enkyetid ou yo.
- Sèvis pou fanmi yo disponib nan chak katye Vil New York. Si ou bezwen èd pou jwenn konsèy, sèvis gadri, tretman pou abi alkòl/dwòg oswa nenpòt lòt pwogram k ap ede ou pran swen pitit ou yo, ou kapab rele 311 pou mande pou ajans **Sèvis Prevantif** ki pi pre nan kominote ou. Oswa, ou kapab rele Liy Èd pou Prevansyon ak Paran nan nimewo 1-800-CHILDREN.



Èske y ap retire pitit mwen lakay mwen?

- ACS ap fè efò pou pèmèt fanmi yo rete ansanm, tankou referans pou **Sèvis Prevantif** tankou konsèy, fòmasyon paran pou edike timoun, tretman pou dwòg, ak lòt sèvis pou kenbe timoun yo pwoteje epi pou anpeche vin gen nesosite pou retire yo anba swen ou.
- Si CPS detèmine pitit ou nan risk imedyat pou domaj, CPS ap mande yon jij Tribinal ki Okipe Afè Fanmi pou retire timoun nan lakay ou.
- CPS ap sèlman retire pitit ou nan swen ou san yo pa mande yon jij sa si yo detèmine domaj la oswa risk la imedyat pou timoun nan. Si CPS retire timoun nan lakay ou san yo pa mande yon jij, CPS dwe fè yon petisyon nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi nan pwochen jou ouvrab la.
- Si CPS retire pitit ou lakay ou, ou ka mande yon jij pou li fè yo retounen pitit ou ba ou imedyatman. Men, yon jij dwe fè yon odyans pou li kapab pran desizyon sa a. Si Tribinal la detèmine ou pa gen mwayen pou pran yon avoka, jij la ap bay yon avoka pou ou gratis.
- Si yo bezwen retire pitit ou lakay ou, ACS ap mande ou si nenpòt manm fanmi oswa zanmi pwòch ta ka pran swen pitit ou pou yon ti tan. Apre yon verifikasyon dosye kriminel ak yon evalyasyon kay la, yo ka mete pitit ou avèk yon manm fanmi ou oswa yon zanmi pwòch ou. Si yo pa disponib, oswa si moun ou idantifye yo pa pase yon otorizasyon sekirite, yo ka mete pitit ou nan yon kay plasman.

- Nan kèk ka, CPS ka mande yon jij Tribinal ki Okipe Afè Fanmi pou gen "Sipèvizyon Tribinal la Òdone." Sa vle di pitit ou p ap antre nan fanmi akèy. Tribinal la kapab bay lòd pou sipèvizyon kay yon zanmi oswa kay yon manm fanmi k ap pran swen pitit ou pou yon ti tan, oswa tribinal la ka bay lòd pou sipèvizyon kay ou pandan timoun nan rete lakay ou, epitou tribinal la ap bay sèten enstwisyasyon ou dwe swiv. Pa egzanp, Tribinal la ka egzije ou pou patisipe nan klas oswa pou wè yon konseye, epitou Tribinal la ap bay ACS lòd pou yo kontinye kontwole sekirite pitit ou pandan yon sèten peryòd tan.



“ Administrasyon pou Sèvis Timoun (ACS) Vil New York pwoteje timoun Vil New York kont abi ak move tretman. Ansanm avèk patnè kominote a, ACS bay sèvis ki baze nan katye pou ede timoun yo grandi nan fanmi ki kay ki pwoteje ak pèmanan avèk fanmi ki solid. Espesyalis Pwoteksyon Timoun ACS yo fè ankèt sou plis pase 50,000 rapò posib abi ak move tretman sou timoun chak ane. ”

Sa k ap pase si ankèt la Pa t Jistifye?

- W ap resevwa yon lèt Rejis Santral Eta a k ap endike ankèt la **Pa t Jistifye**.
- Y ap fèmen rapò ankèt ki **Pa t Jistifye** a, men rapò a ap rete nan baz done yo, epi yon CPS kapab revize li si gen yon enkyetid SCR pidevan.
- Yo dwe efase (retire nan baz done) rapò ki **Pa t Jistifye** yo) 10 zan apre dat SCR resevwa rapò yo.
- Menmsi ankèt la **Pa t Jistifye**, CPS ka ba ou rekòmandasyon oswa referans pou youn oswa plis nan sèvis sa yo: konsèy, fòmasyon paran pou edike timoun, oswa yon pwogram tretman pou dwòg.

Kisa k ap pase si ankèt la Jistifye?

- W ap resevwa yon lèt CPS k ap endike ankèt la te **Jistifye**. Lèt la ap eksplike ou ka mande yon revizyon desizyon an epitou lèt la ap ba ou enstwisyasyon pou fason pou fè sa.
- Pou resevwa yon kopi rapò a oswa pou mande pou yo modifiye (chanje) desizyon an, ou kapab voye yon lèt dirèkteman ba Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services) nan adrès:

State Central Register
P.O. Box 4480
Albany, NY 12204
- Yo dwe efase dosye ki **Jistifye** yo 10 zan apre pi piti timoun ki endike nan rapò a vin gen laj 18 tan.
- Si rapò ki **Jistifye** a lakòz Tribinal ki Okipe Afè Fanmi mele, yon jij Tribinal la ka egzije ou pou pran fòmasyon pou edike timoun, tretman pou dwòg, oswa pou ale nan sesyon konsèy. PCP ou kapab ede ou jwenn sèvis sa yo.

Yon Gid Paran Pou Sèvis Pwoteksyon Timoun nan Vil New York



Administrasyon pou Sèvis Timoun

Kisa Administrasyon pou Sèvis Timoun (ACS) Vil New York ye?

Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children's Services, ACS) Vil New York pwoteje timoun Vil New York kont abi ak move tretman. Ansanm avèk patnè kominote nou yo, ACS bay sèvis yo nan katye ki toupatou nan vil la pou ede timoun yo grandi ki kay ki pwoteje ak pèmanan avèk fanmi ki solid. ACS resevwa plis pase 50,000 rapò sou posib abi ak neglijan sou timoun chak ane. Nou swete gid sa a ap ba ou enfòmasyon itil sou sa k ap pase lè ACS resevwa yon rapò sou yon timoun ki anba swen ou.

Pou kisa yon Espesyalis Pwoteksyon Timoun (CPS) te kontakte mwen?

Yo te kontakte ou paske ACS te resevwa yon rapò nan Rejis Santral Eta New York (State Central Register, SCR) sou Abi ak Move Tretman sou Timoun ki endike yon timoun w ap pran swen ka andanje. Yon timoun andanje lè paran timoun nan, responsab legal timoun oswa moun ki responsab pou pran swen timoun nan fè abi sou li (frape li) oswa neglijan (pa pran swen li). ACS gen obligasyon **dapre lalwa pou** fè ankèt sou tout rapò posib abi ak move tretman nou resevwa nan SCR.

Yon Espesyalis Pwoteksyon Timoun (Child Protective Specialist, CPS) se yon anplwaye ACS ki resevwa bon jan fòmasyon pou travay avèk fanmi yo pou li evalye sekirite timoun yo epitou pou ede manm fanmi yo jwenn èd.

Si ou ta pito kominike avèk CPS ou nan yon lang ki pa Anglè, CPS ap ba ou yon entèprèt gratis. Ou ka mande pou yo ba ou dokiman ki gen enfòmasyon enpòtan sou dosye ou tou nan lang ou pi pito. Si dokiman yo pa disponib nan lang ou, CPS ap fè yon entèprèt eksplike ou yo nan lang ou. Ou ka resevwa sèvis entèpretasyon tou si ou soud oswa si ou gen pwoblèm pou tande.

Kisa abi sou timoun ye?

Gen abi lè kò yon timoun gen domaj ladan epi abi a ka gen ladan: abi fizik, tankou koutpwen, koutpye, grafouyen, brili oswa zo kase epi/oswa li ka gen ladan abi seksyèl, tankou aktivite seksyèl avèk yon timoun, itilizasyon yon timoun pou pwostityon, oswa patisipasyon yon timoun nan pònografi.

Kisa neglijan sou yon timoun ye?

Gen neglijan lè yon timoun pa resevwa sa li bezwen epi sa ka gen ladan yon paran ki pa bay: sipèvizyon kòm sadwa, ase manje, swen medikal apwopriye, rad apwopriye, oswa aksè nan edikasyon. Nan neglijan sou timoun, paran oswa responsab legal yon timoun kapab kite timoun nan poukont li oswa avèk yon moun ki pa apwopriye pou pran swen timoun nan, yo kapab joure yon timoun oswa fè yon timoun santi li gen laperèz oswa yo kapab pran dwòg oswa bwè alkòl nan pwen ki lakòz yo vin pa kapab pran swen timoun nan kòm sadwa.

Pou kisa yon moun ta rapòte yon enkyetid ba SCR?

Nenpòt moun ki kwè yon timoun andanje ka rele SCR pou fè konnen yon enkyetid pou abi oswa neglijan. Kèk moun, tankou doktè, enfimyè, pwofesè lekòl, oswa travayè sosyal, gen obligasyon dapre lalwa pou rele SCR si yo panse yon paran oswa yon moun k ap pran swen yon timoun ap fè abi oswa neglijan sou pitit yo. Men kèk nan rezon ki fè moun yo ap rele SCR:

- Yon timoun gen chòk sou li san eksplikasyon
- Yon jèn timoun oswa timoun ki gen bezwen espesyal ki rete poukont li
- Yon timoun gen bezwen sante ki pa satisfè
- Yon timoun absan souvan nan lekòl san yon eskiz valab

Nenpòt moun kapab rapòte yon enkyetid ba SCR.

ACS gen obligasyon dapre lalwa pou fè ankèt sou tout rapò yo fè ba SCR, kit enkyetid yo vrè kit yo sanble pa vrè. Si yon moun fè espri pou fè yon fo rapò ba SCR, yo konsidere sa kòm yon krim; epi yo kapab pouswiv moun ki fè fo rapò a nan lajistis.

Èske y ap di mwen kimoun ki te fè plent lan?

Non. Lalwa pa pèmèt ACS fè ou konnen idantite moun ki te rapòte enkyetid la. Idantite moun nan ap rete konfidansyèl. Y ap fè ou konnen sa moun nan te di, men yo p ap di ou non moun ki te fè rapò a.

Kisa k ap pase apre yon moun rapòte yon enkyetid?

Lè ACS resevwa yon rapò nan SCR, yon CPS dwe evalye enkyetid yo pou konnen si yo vrè.

- CPS ap kòmanse yon ankèt **nan 24 èdtan** apre yo resevwa rapò a. Y ap ba ou yon lèt pou fè ou konnen y ap fè yon ankèt sou ou pou posib abi oswa move tretman. CPS ka fè yon vizit lakay ou san yo pa anonse ou epi y ap rankontre avèk ou, avèk pitit ou, epitou avèk lòt moun k ap viv lakay ou. Pandan vizit la, CPS ap evalye kay ou pou asire ou satisfè bezwen timoun k ap viv nan kay la (pa egzanp, si kay la pa gen danje oswa si ou gen ase manje).
- Pandan ankèt la, CPS ka pale tou avèk pwofesè yo, yo ka vizite lekòl oswa gadri pitit ou, epitou yo ka pale avèk lòt moun ki konnen ou oswa ki konnen fanmi ou, tankou vwazen, ak pwofesyonèl swen sante yo.
- Nan **60 jou almannak**, CPS ap fè ankèt la. Si CPS jwenn ase prèv ki endike timoun nan te viktim abi oswa neglijan, ankèt la ap “**Jistifye.**” Si CPS pa jwenn prèv ki endike timoun nan te viktim abi oswa neglijan, ankèt la “**Pa t Jistifye.**” Y ap fè ou konnen desizyon final la pa lapòs.
- Si CPS detèmine pitit ou yo arisk pou yo andanje, CPS ap pwograme yon Konferans sou Sekirite Timoun nan (Child Safety Conference, CSC). Y ap mande ou pou patisipe nan konferans lan epi ou ka vini avèk manm fanmi ou oswa lòt moun ki kapab sipòte ou. Y ap ba ou sèvis yon Defansè Paran. Nan Konferans lan, CPS ap fè konnen enkyetid yo sou sekirite pitit ou, epitou tout patisipan yo ap diskite sou sa ki kapab fèt pou kenbe pitit ou pwoteje.

Avèk Kimoun M ap Pale Pou Mwen Jwenn Plis Enfòmasyon?

Pale anvan avèk CPS epi, si li nesèsè, avèk Sipèvizè yo.

Si non ou endike nan yon rapò sou abi oswa neglijan, tanpri pale avèk CPS ou sou nenpòt enkyetid oswa kesyon sou dosye ou. Si ou toujou gen kesyon oswa enkyetid, ou ta dwe kontakte Sipèvizè CPS. Si Sipèvizè a pa kapab rezoud enkyetid ou yo, ou ta dwe kontakte Manadjè Pwoteksyon Timoun. Sipèvizè a dwe ba ou enfòmasyon pou kontakte li.

Non CPS

Nimewo Telefòn CPS

Non Sipèvizè CPS

Nimewo Sipèvizè CPS

Non Manadjè Pwoteksyo CPS

Nimewo Manadjè Pwoteksyon CPS

